QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI
NO'KİS QALASI
HA'KİMİNİN QARARI

QORAQALPOG'İSTON RESPUBLİKASİ
NUKUS SHAHRI
HOKIMINING QARORİ

No'kis qalası, Doslıq gu'zarı 104 j. Tel (8-361) 222-71-01 Nukus shaxar, Dustlik gu'zarı, 104 u.

«24» 10 2018-жыл Нөкис қаласы № 06/10-136

Нөкис қаласында 2019-жылда социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының санын белгилеў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының «Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында»ғы Нызамының (Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси, 1998 йил 5-6-сон, 97-модда) 17-статьясы, «Өзбекстан Республикасында майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Нызамының (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳўжжатлари тўплами, 2008 йил 29-30-сон, 277-модда) 25-статьясы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрдеги «Социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм заҳираға қойыў тәртибин еледе жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында»ғы 965-санлы қарарына тийкар, социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын Нөкис қаласында 2019-жыл ушын жумыс орынларын бәнт етип қойыў мақсетинде

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Өзбекстан Республикасының "Халықты жумыс пенен тәмийинлеў ҳаққында"ғы Нызамның 17-статьясына тийкарланып, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын қаладағы кәрханалар, шөлкемлер ҳәм мәкемелер ушын жумысшылардың дизим бойынша орташа санынан 15919 пуқараны қурайтуғын 2,0 пайыз муғдарында, сол есаптан:

а) нәгиранлар ушын 4,1 пайыз-13 пуқара;

б) 14 жасқа толмаған балалары ҳәм нәгиран балалары бар жалғыз ҳәмде көп балалы ата-аналар ушын-31,6 пайыз 100 пуқара;

в) улыўма орта ҳәм орта арнаўлы, кәсип-өнер билимлендириў мәкемелерин питкериўши жаслар, сондай-ақ, жоқары оқыў орынларының мәмлекетлик грантлары бойынша питкериўшилери ушын 44,6 пайыз-141 пуқара;

г) мобилизациялық шақырыў резервинде хызметти өтеген ҳәм Өзбекстан Республикасы Қуралды күшлери қатарында мүддетли әскерий хызметтен босатылған шахслар 9,1 пайыз-29 пуқара;

д) қалалық бәнтликке көмеклесиў орайында жумыс излеўши сыпатында есапта турған пенсия жасына жақынласып қалған шахслар ушын 4,1 пайыз-13 пуқара;

е) жазаны орынлаў мәкемелеринен азат етилген, жазаны өтеп атырған яки суд қарарына тийкар медициналық характердеги мәжбүрий шаралар қолланылған шахслар ушын 6,0 пайыз-19 пуқара;

ж) адам саўдасынан жәбир көргенлер ушын 3,1 пайыз-1 пуқара муғдарында жумыс орынлары белгиленсин;

2. Нөкис қаласында социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеп қойыў лазым болған кәрханалар дизими 1-қосымшаға, социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў бойынша дүзилген арнаўлы комиссия қурамы 2-қосымшаға тийкар тастыйықлансын.

3. Кәрханалар ҳәм мәкемелер басшыларына социаллық қорғаўға мүтәж, жумыс табыўда қыйналатуғын шахсларды жумыс пенен тәмийинлеў ушын 2018-жыл жуўмақланыўынан 10 күн алдын квота жумыс орынлары улыўма муғдарының кеминде 25 пайызы ушын, 2019-жыл 10-апрелден кешикпей жумыс орынларының қалған бөлеги 75 пайызын қураў (ажыратыў яки бәнт етип қойыў) ҳаққындағы, яғный ҳәр бир квота тайыпасы бойынша жумыс орынлары бәнт етип қойылатуғын кәсиплер ҳәм лаўазымлар, қәнигеликлер кесиминдеги мағлыўматларды ҳәм шешим бойынша шығарылған буйрық көширмелерин қалалық Бәнтликке көмеклесиў орайына усыныў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Кәрхана ҳәм мәкемелер басшылары социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын шахслар ушын жумыс орынларының көрсетип өтилген муғдарын Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 5-декабрдеги 965-санлы қарары менен тастыйықланған “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тең шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм заҳираға қойыў тәртибин еледе жетилистириў ис–иләжлары ҳаққында»ғы Режеге муўапық, белгиленген мүддетлерде ҳәм тәртипте жаратылыўын (ажыратылыўын яки бәнт етип қойылыўын) ҳәмде жумыс орынлары санитария-гигиена нормаларына ҳәм жумысшы өз миннетлерин биймәлел орынлаўын тәмийинлейтуғын мийнет шәраятларына муўапық болыўын тәмийинлесин.

5. Усы шешим талаплары орынланбаған жағдайда кәрхана ҳәм мәкемелердиң лаўазымлы шахсларына “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын ҳәм мийнет базарында тен шәртлерде бәсекилесе алмайтуғын шахсларды жумысқа жайластырыў ушын жумыс орынларының ең кем санын белгилеў ҳәм заҳираға қойыў тәртибин еледе жетилистириў ис–илəжлары ҳаққында»ғы Режениң 21-бәнтине муўапық нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәкимшилик жуўапкершилик белгиленеди.

6. Нөкис қалалық бәнтликке көмеклесиў орайы директоры (С.Уразалиев) усы шешимди тийисли кәрхана ҳәм мәкеме басшыларына жеткерсин ҳәмде оның орынланыўы үстинен қатаң қадағалаўды тәмийинлесин.

7. Нөкис қаласы ҳәкиминиң 2017-жыл 29-декабрдеги “Социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған пуқараларды жумысқа орналастырыў ушын бос жумыс орынларын 2018-жыл ушын бәнт етип қойыў ҳаққында»ғы 05/12-185-санлы шешими (“Нөкис ҳақыйқаты” газетасы 10-январь 2018-жыл №1-2(1155) өз күшин жойытқан деп есаплансын.

8. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў қала ҳәкиминиң орынбасары П.Кудияров ҳәм қалалық Бәнтликке көмеклесиў орайы директоры С.Уразалиевке жүклетилсин.

9. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм де ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

10. Шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Нөкис қаласы ҳәкими ў.ў.а: **П.Турешев**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI NO'KIS QALASINING HOKIMI
QORAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI NUKUS SHAHARNING HA.KIMI

KO'SHIRME
DURIS

Нөкис қаласы әкиминің
2018-жыл "24" 10
06/10-136 санлы шешимине
1-санлы қосымша

2019-жылда социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналатуғын шахсларды жумысқа орналастырыў ушын жумыс орынларын бәнт етип қойылған жумыс орынлары болған кәрханалар ҳәм мәкемелер дизими

№	Кәрхана ҳәм мәкемелер дизими	Штат бирлиги бойынша хызметкерлер-диң улыўма саны	Келеси жылға резервге усыныс етилип атырған бос жумыс орынлары саны	соннан:						
				А)	Б)	В)	Г)	Д)	Е)	Ж)
1	1-санлы шаңарақ поликлиникасы	119	4	1	2			1		
2	2-санлы шаңарақ поликлиникасы	150	4	1	3					
3	3-санлы шаңарақ поликлиникасы	126	4	1	2			1		
4	4-санлы шаңарақ поликлиникасы	122	4	1	2			1		
5	5-санлы шаңарақ поликлиникасы	133	3	1	2					
6	6-санлы шаңарақ поликлиникасы	108	3	1	2					
7	7-санлы шаңарақ поликлиникасы	74	3	2	1					
8	8-санлы шаңарақ поликлиникасы	113	4	2	2					
9	9-санлы шаңарақ поликлиникасы	94	3		2			1		
10	Республика балалар көп тармақлы	376	9	1	3	1	1	3		

	медицина орайы									
11	"У.ХАЛІМУРАТОВ" атындағы Республикалық көп тармақлы медициналық орайы	596	12	3	5	1	1	2		
12	"С.СУЛТАНОВ" атындагы Республикалық туберкулезге қарсы гүресиў диспансери	232	8	3	5	0				
13	"С.БЕГЖАНОВ" атындагы Республикалық балалар туберкулёзге қарсы гүресиў санаториясы	214	3	1	1	1				
14	Республикалық Акушерлик ҳәм гинекология илимий-әмелий медициналық орайы	589	11	3	5	1		2		
15	Республикалық кыстаўлы медициналық жәрдем илимий орайы	1017	12	4	5	1	1	1		
16	Республика онкология диспансери	219	5	1	3	1				
17	Республикалық эндокринологиялық диспансери	121	2	1	0	1				
18	Республикалық кардиология диспансери	214	3	2	1					
19	2-санлы Республикалық туберкулёзге қарсы гүресиў емлеўханасы	198	5	2	2	1				
20	2-санлы Республикалық руўхый ҳәм неврологиялық диспансери	259	5	2	2	1				
21	Республикалық қан қуйыў станциясы	49	2	1	1					

22	ҚР Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң автокәрханасы	189	4	1	1	1	1			
23	Нөкис мәмлекетлик санитариялық бақлаў орайы	258	2	0	2					
24	Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети	1131	12	3	7	2				
25	Ажинияз атындагы Нөкис Мәмлекетлик педагогикалық институты	714	11	3	5	2		1		
26	Ташкент Мәмлекетлик Аграр Университети Нөкис филиалы	280	4	1	2	1				
27	Ташкент Медициналық Педиатрия институты Нөкис филиалы	348	4		3	1				
28	Ташкент информациялық технологиялары университети, Нөкис филиалы	114	2		1	1				
29	«Прогресс» Билимлендириў ҳәм раўажландырыў орайы	271	3	1	2					
30	1-санлы Респ. қәнигелестирилген мектеп	75	2	1	1					
31	1-санлы балалар-оспиримлер спорт мектеби	115	3		1	2				
32	2-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	100	2	1	1					

33	2-санлы кәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма билим бериў мектеби	97	2	1	1					
34	3-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	89	2	1	1					
35	4-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	90	2	1	1					
36	4-санлы имканияты шекленген балалар ушын	150	2		1		1			
37	5-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	65	2	1	1					
38	6-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	82	2	1	1					
39	7-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	79	2	1	1					
40	9-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	146	2	1	1					
41	10-санлы көзи әззи ҳәм шала көриўши балалар ушын кәнигелестирилген мектеп-интернаты	81	4				4			
42	11-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	134	3	1	2					
43	12-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	102	2	1	1					
44	13-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	86	2	1	1					
45	15-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	81	2	1	1					
46	17-санлы улыўма орта билим бериў	139	2	1	1					

	мектеби									
47	18-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	184	2	1	1					
48	19-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	121	2	1	1					
49	20-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	100	2	1	1					
50	21-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	136	2	1	1					
51	22-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	134	2	1	1					
52	23-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	123	2	1	1					
53	24-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	145	2	1	1					
54	25-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	173	2	1	1					
55	27-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	125	2	1	1					
56	28-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	161	2	1	1					
57	29-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	78	1		1					
58	31-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	129	2	1	1					
59	32-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	149	2		2					
60	33-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	62	1		1					

61	36-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	103	2		2					
62	37-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	157	2		2					
63	38-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	146	2		2					
64	39-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	115	2	1	1					
65	40-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	77	1		1					
66	41-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	87	1		1					
67	42-санлы улыўма орта билим бериў мектеби	103	2	1	1					
68	Нөкис Баркомол аулад	25	1		1					
69	Нөкис қалалық Мәденият бөлими	46	2	1	1					
70	Озбекстан Көззи әззилер жәмийети Нөкис ислеп шығарыў кәрханасы	26	2				2			
71	Нөкис қалалық абаданластырыў басқармасы	615	14	3	1		1		8	1
72	Арқа - Батыс халық аралық ҳәм мәмлекет әхмийетиндеги автомобиль жолларын сақлаўға қәнйгелестирилген оңлаў пайдаланыў кәрханасы Нөкис филиалы	262	4	0	0	2			2	

73	«Түйемойын-Нөкис» регионаллық суў өткизгишинен пайдаланыў басқармасы	347	4			2	1		1	
74	Қарақалпақ екилемши қараметалл мәмлекетлик кәрханасы	108	4			2			2	
75	8-санлы Механизацияласқан колонна	41	2						2	
76	«Қарақалпақ Боян» АТАЖ	224	2			1			1	
77	«Нөкис винозавод» Акционерлик жәмийети	169	2		1	1				
78	ААЖ "Автотеххызмет"	103	2			1			1	
79	«Нөкис темир бетон буйымлары заводы» ЖШЖ	20	3			1			2	
80	1 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	59	2	1	1					
81	2 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	59	2	1	1					
82	34 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	46	2	1	1					
83	37 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	60	2	1	1					
84	30 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	58	2	1	1					
85	29 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	30	2	1	1					
86	7 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	24	2	1	1					
87	35 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	65	2	1	1					

88	29 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	29	2	1	1					
89	40 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	68	2	1	1					
90	12-санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	65	2	1	1					
91	13 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	29	2	1	1					
92	46 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	30	1	1						
93	15 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	32	1	1						
94	8 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	38	2	1	1					
95	17 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	33	1	1						
96	18-санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	31	2	1	1					
97	4 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	48	2	1	1					
98	50 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	46	2	1	1					
99	21 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	51	2	1	1					
100	22 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	28	1	1						
101	31 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	64	2	1	1					
102	24 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	51	2	1	1					

103	3 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	33	1	1						
104	48 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	36	2	1	1					
105	11 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	27	1	1						
106	19 -санлы мектепке шекем билимлендириу мекемеси	46	1		1					
	Жами	**15919**	**316**	**100**	**141**	**29**	**13**	**13**	**19**	**1**

Нөкис қаласы хәкиминиң
2018-жыл "24" 10
06/10-136 санлы шешимине
2-санлы қосымша

Қалада социаллық қорғаўға мүтәж ҳәм жумыс табыўда қыйналып атырған пуқараларды жумысқа орналастырыў ушын бәнт етип қойылыўы керек болған бос жумыс орынлары санын ҳәм оларға қойылатуғын талапларды белгилеў бойынша арнаўлы комиссия

ҚУРАМЫ

Ф.И.Ш.	**Лаўазымы**
П.Қудияров	Қала ҳәкиминиң орынбасары, комиссия баслығы
С.Уразалиев	Қалалық бәнтликке көмеклесиў орайы директоры, комиссия хаткери
М.Қанназаров	Қалалық экономика ҳәм аймақты комплекс раўажландырыў бөлими баслығы ў.ў.а, комиссия ағзасы
А.Пиржанов	Өзбекстан "Жаслар Аўқамы" Нөкис қалалық кеңеси баслығы, комиссия ағзасы
А.Примбетов	Нөкис қалалық "Мәхәлле" кеңеси бөлими баслығы, комиссия ағзасы
А.Абдиев	Нөкис қаласы ҳәкимлигиниң бас қәнигеси, комиссия ағзасы
Б.Бегжанов	Нөкис қаласы ҳәкимлиги жанындағы бейимлестириў орайы бас қәнигеси, комиссия ағзасы